Help at Home®
Care to Live Your Life.



Gidsou benefis pou moun k ap bay swen

2027

SWEN POU W KA VIV PI BYEN

DAT PIBLIKASYON: 1YE NOVANM 2026

Envesti nan ou



Nan Help at Home, pran swen lòt moun kòmanse ak pran swen manm ekip nou yo. Nou konprann ke ogmantasyon nan depans swen sante ak depans chak jou yo kontinye kreye difikilte pou ou menm ak fanmi w. Se poutèt sa nou angaje nou pou nou ofri benefis ki abòdab epi fasil pou jwenn. Nan kad angajman sa a, Help at Home ap envesti nan ou atravè benefis ki ede pwoteje sante w, ranfòse avni finansye w epi soutni byennèt jeneral ou.

Pwogram benefis nou an fèt pou ede w pran swen sante fizik, emosyonèl ak finansyè w, toutpandan li ba w aksè ak resous ansanm ak sipò lè w plis bezwen yo. Soti nan kouvèti medikal ak pwogram byennèt rive nan benefis ki soutni byennèt finansye, nou kontinye chèche fason pou nou fè swen bon jan kalite pi fasil pou jwenn epi diminye estrès finansye.

Pou ane 2027 la, n ap prezante yon amelyorasyon enpòtan ki montre envestisman nou kontinye fè nan manm ekip nou yo. **Pou ede w bati sekirite finansye alontèm, Help at Home ap ajoute menm montan ou kontribye a pou premye 2% nan salè w ou mete nan plan epay 401(k) ou a.** Nouvo kontribisyon konpayi an afè pou koresponn ak pa w la fèt pou ede w ogmante ekonomi ou epi planifye avni w.

Kit w ap pran mezi pou w rete an sante, jere yon pwoblèm sante ki dire, pran swen yon moun ou renmen, oswa fè fas ak yon pwoblèm sante ou pa t atann, Help at Home ofri benefis ak resous ki fèt pou soutni w nan chak etap.

Gid sa a prezante pwogram ak sèvis ki disponib pou ede w pwofite de benefis ou yo pi plis epi envesti nan byennèt ou jodi a ak nan lavni. Nou ankouraje w eksplore resous ki disponib yo epi pwofite plizyè fason Help at Home ap envesti nan ou.

Mèsi pou swen ki chaje ak konpasyon ou bay chak jou. Nou fyè dèske n ap soutni ou menm ak fanmi w ak benefis ki montre angajman nou pran pou sante w, byennèt ou, sekirite finansye w ak trankilite lespri w.

Chris Hocevar
Direktè jeneral, Help at Home

Ki sa ki ladan l

1 Pwofite de benefis ou yo pi plis

3 Benefis ki disponib pou tout moun

4 Ki moun ki kalifye pou kouvèti sante ak byennèt?

Benefis pou Sante

7 Plan Medikal Pan-American

11 Sipò pou sante ak byennèt

12 Asirans dantè

13 Asirans pou swen je

15 Benefis opsyonèl

Pwoteksyon Finansye

17 Plan retrèt 401(k)

18 Asirans lavi ak AD&D

19 Asirans pou andikap tanporè

Enfòmasyon enpòtan

20 Moun tankou mwen: jwenn benefis ki bon pou mwen

21 Pri kouvèti an

23 Enfòmasyon kontak

24 Kijan pou enskri

Dokiman sa a fèt pou bay enfòmasyon debaz sou plan ak pwogram benefis ki disponib pou anplwaye ki kalifye yo. Dokiman sa a sèlman rezime plan ak pwogram benefis anplwaye yo epi li pa bay tout detay sou tèm, kondisyon, restriksyon ak eksklizyon ki nan dokiman plan yo, kontra konpayi asirans yo ak/oswa Deskripsyon Rezime Plan yo (SPD) ("dokimantasyon plan an") pou divès plan benefis ak pwogram benefis yo. Yo fè tout efò rezonab pou asire ke enfòmasyon ki nan dokiman sa a egzak; sepandan, si gen diferans ant enfòmasyon ki nan dokiman sa a ak dokimantasyon plan an, se dispozisyon ki dekri nan dokimantasyon plan an k ap gen priyorite. Dokiman sa a pa kreye okenn dwa ki baze sou yon kontra pou okenn anplwaye aktyèl oswa ansyen anplwaye, ni pou okenn lòt moun. Se dispozisyon ki nan dokimantasyon plan ki aplikab la k ap sèvi kòm baz pou detèmine dwa nenpòt moun genyen anba nenpòt plan oswa pwogram benefis pou anplwaye. Anplwayè w la rezève dwa pou l modifye oswa mete fen nan nenpòt plan oswa pwogram benefis anplwaye li yo nenpòt ki lè, san avètisman ni san li pa bezwen bay rezon.

Kòmanse la: Pwofite de benefis ou yo pi plis

Chwazi benefis ou yo pa oblije konplike. Paj sa a ap ede w konsantre sou sa ki pi enpòtan yo— sante w, bidjè w ak trankilite lespri w.

Etap 1: Detèmine si w kalifye

Moun k ap bay swen ki travay an mwayèn 30 èdtan oswa plis pa semèn kalifye pou tout benefis ki disponib yo. Pou w jwenn enfòmasyon sou kalifikasyon, tanpri gade paj 4.

Si ou travay an mwayèn mwens pase 30 èdtan pa semèn, Help at Home toujou ofri w kèk benefis. Asire w ke ou li plis enfòmasyon sou Pwogram Asistans pou Anplwaye SupportLinc (paj 3), Plan retrèt 401(k) la (paj 17), ak rabè atravè pwogram Help at Home Advantage la (paj 3).

Ou ka jwenn enfòmasyon sou tout benefis ki disponib pou ou nan Sant Konesans Help at Home (Help at Home Knowledge Center).

Etap 2: Detèmine bezwen ou yo

Reflechi sou sa ou menm ak fanmi w ap bezwen plis nan ane k ap vini an.

Mande tèt ou:

- Èske se sitou tchèkòp ak swen prevantif mwen bezwen?
- Èske mwen vizite doktè souvan oswa mwen pran medikaman regilyèman?
- Èske mwen vle pwoteksyon pou depans medikal mwen pa t prevwa?
- Èske mwen bezwen èd pou pwoteje revni mwen oswa pou pwoteje fanmi m finansyèman?

Ou pa oblije chwazi tout benefis yo—chwazi sèlman sa ki adapte ak lavi w.

Etap 3: Konprann opsyon plan medikal ou yo

Enpòtan: Plan medikal ki nan gid sa a se pa asirans sante tradisyonèl.

Plan sa yo peye yon montan fiks pou kèk sèvis, men yo ka pa kouvri tout depans medikal ou yo.

KIsa sa vle di pou ou:

- Ou ka toujou gen depans pou w peye ak lajan nan pòch ou apre plan an fin peye
- Plan sa yo ofri yon kouvèti debaz oswa limite
- Ou ta dwe konpare yo ak opsyon Marketplace oswa Medicaid anvan ou enskri

Apèsi tou kout:

- Plan Swen Prevantif la kouvri egzamen byennèt ki fèt nan rezo a, tès depistaj prevantif, vaksen woutin ak medikaman prevantif ki apwouve
- Plan PanaMed yo peye montan fiks pou sèvis ki komen yo (tankou vizit kay doktè)
- Plan PanaBridge yo konbine swen prevantif ak peman fiks anplis pou sèvis ki komen yo

Etap 4: Chwazi kouvèti ki bon pou ou

1. **Deside sou kouvèti medikal (si w bezwen li)**

   Chwazi opsyon ki koresponn ak sitiyasyon w:

   - Swen debaz sèlman: Plan Swen Prevantif
   - Bezwen swen regilye: PanaMed oswa PanaBridge
   - Èske w vle gen asirans sante konplè? Konsidere opsyon Marketplace oswa Medicaid yo.

2. **Ajoute pwoteksyon finansye**

   Benefis anplis sa yo peye w lajan dirèkteman epi yo ka ede w peye depans ki pa kouvri yo:

   - **Konpansasyon lopital** peye w lajan kach si yo entène w nan lopital
   - **Asirans aksidan** peye w lajan lè w blese nan yon aksidan ki pa gen rapò ak travay ou
   - **Asirans pou maladi grav** peye w yon montan fiks yon sèl kou pou maladi grav

   Benefis sa yo ka ede w si plan medikal ou a pa kouvri tout depans yo.

3. **Konplete kouvèti w la**

   Konsidere ajoute:

   - Dantè ak swen je pou swen woutin
   - Asirans Andikap Tanporè pou pwoteje salè w si w malad oswa blese epi ou pa ka travay
   - Asirans Lavi pou soutni fanmi w nan kaou ta mouri

Ou ka chwazi tou benefis opsyonèl tankou sèvis legal, asirans bèt kay ak pwoteksyon idantite.

Etap 5: Reflechi sou lavi reyèl

Men kèk fason senp moun konn chwazi:

Si an jeneral ou an sante:

- Plan Swen Prevantif
- Dantè ak swen je
- Kouvèti aksidan opsyonèl

Si w ale kay doktè souvan:

- Plan PanaMed oswa PanaBridge
- Ajoute kouvèti konpansasyon lopital ak/oswa si w gen maladi grav

Si lpwoteje revni w enpòtan:

- Asirans Andikap Tanporè
- Konsidere kouvèti konpansasyon lopital pou w jwenn plis sipò.

Etap 6: Kenbe konsèy sa yo nan tèt ou

- Sèvi ak founisè ki nan rezo a pou w ekonomize lajan
- Sonje, vizit swen prevantif chak ane yo kouvri nèt an jeneral
- Gade sa plan an peye ak sa ou ka gen pou w peye
- Verifye si w kalifye pou kouvèti ki koute mwens chè atravè plan Marketplace yo

Etap 7: Fè chwa w

Enskri atravè Aptia365:

- **Anplwaye aktyèl yo:**
  - **Peryòd enskripsyon ouvè: 2–13 novanm:** anplwaye ki kalifye yo ka revize epi chanje kouvèti yo chak ane pandan peryòd enskripsyon ouvè a. Chwa oswa chanjman ou fè pandan peryòd enskripsyon ouvè a ap antre an vigè 1ye janvye.
  - **Evènman lavi ki kalifye:** Sèl lè anplwaye yo ka chanje benefis yo andeyò peryòd enskripsyon ouvè a se lè yo gen yon evènman lavi ki kalifye (maryaj, nesans oswa adopsyon yon timoun, jwenn oswa pèdi yon lòt kouvèti, elatriye). W ap gen 30 jou apati dat evènman an te rive pou w fè chanjman yo. Dat chanjman an ap antre an vigè a se dat evènman an.
- **Nouvo anplwaye ak anplwaye ki fèk kalifye yo**, nou gen 30 jou apati dat nou vin kalifye a pou nou enskri. Tanpri gade paj 4 la pou w wè kalandriye kalifikasyon nouvo anplwaye yo.
- Chwazi plan ki pi byen adapte ak bezwen w yo
- Ajoute depandan si sa nesesè

Yon fwa w fin enskri, opsyon ou chwazi yo anjeneral rete menm jan pou tout ane a, sof si w gen yon evènman lavi ki kalifye.

Ou bezwen èd? Nou la pou ou

Ou pa bezwen chèche konprann tout bagay sa yo poukont ou.

- Ale sou Knowledge Center pou w jwenn enfòmasyon sou benefis ki disponib pou ou
- Rele yon konseye sou benefis yo: 855-746-3198
- Si w kalifye pou benefis, ale sou Aptia365 pou w jwenn zouti epi konpare plan yo
- Jwenn sipò nan plizyè lang

Pale ak yon konseye sou benefis yo ka ede w chwazi kouvèti ki vrèman adapte ak bezwen w yo.

Dènye rapèl

Chwazi benefis ki ba w konfyans ak lapè nan lespri w—pa sèlman sa ki pi bon mache a. Yon bon konbinezon kouvèti ka ede pwoteje sante w, finans ou ak lavni w.

Benefis ki disponib pou tout moun

GRATIS POU TOUT ANPLWAYE HELP AT HOME YO—KIT YO KALIFYE POU BENEFIS OSWA NON, KÈLKESWA KONBYEN ÈDTAN YO TRAVAY

Help at Home pran angajman pou l ofri benefis ki soutni yon lavi ki an sante e ki ekilibre, ansanm ak pwogram ki fèt pou ede w konsantre sou byennèt jeneral ou.

Sipò pou sante mantal nan men SupportLinc

Ou pa poukont ou lè w ap fè fas ak defi lavi yo. Tout anplwaye Help at Home yo ak manm fanmi yo (tankou paran yo ak boparan yo) gen aksè gratis e konfidansyèl ak Pwogram Asistans pou Anplwaye (EAP) nou an atravè **SupportLinc**.



Yo ofri jiska senk sesyon gratis, an pèsòn oswa vityèl, ak konseye SupportLinc yo.

Konseye swen ki gen lisans yo ka ede w fè fas ak divès pwoblèm pèsonèl ak pwoblèm sante mantal:

- Estrès ak anksyete
- Depresyon oswa dèy
- Pwoblèm nan edikasyon timoun ak èd pou jwenn gadri
- Referans pou swen alontèm
- Akonpayman pou devlopman pèsonèl, ak plis bagay toujou

Li fasil pou pran kontak

Sèvi ak nenpòt nan opsyon sa yo pou w kontakte yon konseye swen SupportLinc ki gen lisans, 24 sou 24, 7 jou sou 7. Sèvi ak kòd “helpathome” pou w jwenn èd

- Rele 888-491-6819
- Voye “SUPPORT” nan yon mesaj tèks bay 51230
- Telechaje aplikasyon mobil SupportLinc lan pou w tchat
- Kreye kont ou sou entènèt nan **supportlinc.com**

Jwenn rabè eksklizif ak Help at Home Advantage

Help at Home fè patenarya ak Working Advantage, youn nan pi gwo founisè pwogram rabè pou antrepriz, pou l ofri rabè eksklizif sou pwodwi, sèvis ak eksperyans.

ENVESTI NAN AVNI W

Envesti nan avni w kòmanse jodi a.

Plan Epay pou Retrèt 401(k) Help at Home lan ap ajoute yon kontribisyon ki egal ak pa w la pou premye 2% salè w ou kontribye a. Gade **Paj 17** pou w jwenn plis enfòmasyon, tankou tout detay sou kondisyon kalifikasyon yo.

Ou ka jwenn enfòmasyon sou benefis ki disponib pou moun k ap bay swen nan Help at Home yo sou **Knowledge Center**

Ou ka fè gwo ekonomi sou aparèy elektwomenaje, aparèy elektwonik, rad, kat kado, tikè sinema, otèl, machin lokasyon, evènman an dirèk ak plis bagay toujou. Ou pa bezwen enskri atravè administratè benefis Help at Home lan, epi ou ka enskri gratis—jis vizite **helpathome.savings.workingadvantage.com** pou w enskri oswa jwenn plis enfòmasyon.

Ki moun ki kalifye pou kouvèti sante ak byennèt

Anplwaye k ap bay swen

Moun k ap bay swen ki travay an mwayèn 30 èdtan oswa plis pa semèn ap gen aksè ak tout benefis yo ofri yo. Y ap revize kalifikasyon nouvo anplwaye yo pandan 6 mwa, apati premye jou travay yo a. Si kondisyon kalifikasyon yo satisfè, benefis yo ap antre an vigè nan premye jou mwa ki vin apre peryòd administratif yon mwa a (peryòd sa a vini apre peryòd revizyon kalifikasyon an ki dire sis mwa a).

Apre sa, y ap revize kalifikasyon moun k ap bay swen yo chak 6 mwa, selon kalandriye chak moun. Pou yo kontinye kalifye, moun k ap bay swen yo dwe travay an mwayèn 30 èdtan pa semèn oswa plis.

OPSYON PLAN BENEFIS	TOUT ANPLWAYE	ANPLWAYE KI TRAVAY AN MWAYÈN 20–29 ÈDTAN PA SEMÈN	ANPLWAYE KI TRAVAY AN MWAYÈN 30 ÈDTAN OSWA PLIS PA SEMÈN
Pwogram Asistans pou Anplwaye (EAP) (BENEFIS KONPAYI AN PEYE, GRATIS)	✓	✓	✓
Plan 401(k)[1]	✓	✓	✓
Pwogram rabè Help at Home Advantage	✓	✓	✓
Plan Medikal PanaMed 1 ak PanaMed 2			✓
Plan medikal pou swen prevantif[2] **Plan medikal PanaBridge 1 ak PanaBridge 2**			✓
Dantè			✓
Swen je			✓
Asirans pou maladi grav			✓
Asirans aksidan			✓
Asirans konpansasyon lopital			✓
Asirans Lavi Volontè ak AD&D			✓
Asirans pou andikap tanporè			✓
Legal an gwoup			✓
Asirans kont vòl idantite			✓
Asirans pou bèt kay			✓
Asirans pou kay ak machin			✓
Kont transpò pou ale travay			✓

1 Anplwaye ki nan sendika nan Indiana yo pa kalifye pou plan 401(k) la.

2 Anplwaye ki nan sendika nan Illinois yo pa kalifye pou plan medikal Swen Prevantif la.

3 Moun k ap bay swen nan Preferred ak Edison (NY) pa jwenn kouvèti sante ak byennèt ni Asirans Andikap Tanporè, men yo gen aksè ak plan 401(k), Pwogram Asistans pou Anplwaye (EAP) ak mache rabè Help at Home Advantage.
Anplwaye tanporè, estajyè, anplwaye ki travay selon bezwen ak anplwaye sou kontra pa kalifye pou benefis yo.

Depandan yo

Men ki depandan ki kalifye pou jwenn kouvèti nan pwogram benefis nou yo:

- Mari oswa madanm ou oswa patnè w
- Pitit biyolojik ou yo, bofis oswa bèlfi ou yo, pitit ou adopte yo oswa pitit patnè w la, jiska fen mwa yo fete 26 ane yo
- Pitit ou ki adilt ki depann de ou, ki gen plis pase 26 ane, ki gen yon andikap total epi administratè asirans lan sètifye kòm moun andikape
- Nenpòt timoun ou se responsab legal li oswa yon timoun yon tribinal ba ou gad pèmanan li

Depandan ou yo vin kalifye pou kouvèti anmenmtan avèk ou, epi ou ka ajoute nouvo depandan yo touswit apre yon evènman lavi ki kalifye, tankou maryaj, nesans oswa adopsyon.

Sonje pèsonn pa ka enskri kòm anplwaye ak depandan anmenmtan. Pa egzanp, si ou menm ak mari oswa madanm ou ap travay nan Help at Home, nou chak ka chwazi pwòp kouvèti pa nou, men nou pa ka mete youn lòt kòm depandan nan plan benefis Help at Home yo.



Evènman lavi ki kalifikye

Anplwaye yo ka viv evènman nan lavi pèsonèl yo oswa nan travay yo ki afekte benefis yo. Ou ka kalifye pou w fè kèk chanjman nan plan ou yo lè Evènman lavi ki kalifye (QLE) sa yo rive. Evènman sa yo gen ladan yo:

- Nesans oswa adopsyon legal yon timoun
- Maryaj oswa nouvo patenarya ak yon moun ou pa marye avèk li
- Divòs oswa separasyon legal
- Lanmò mari oswa madanm/patnè domestik/pitit
- Pèdi oswa jwenn kouvèti nan benefis yo
- Chanjman nan kantite èdtan travay yo pwograme regilyèman
- Pran yon konje travay
- Chanjman nan kalifikasyon w pou benefis apre peryòd revizyon kalifikasyon 6 mwa ou a

Ou dwe pran mezi nan 30 jou apre yon QLE, epi nenpòt chanjman ou fè dwe koresponn ak QLE sa a. Pa egzanp, si w marye, ou ka ajoute mari oswa madanm ou (ak nenpòt pitit depandan ki kalifye) nan plan medikal ou a, oswa anile kouvèti medikal ou a pou w antre nan plan medikal mari oswa madanm ou an.

Si ou menm oswa depandan ou yo vin kalifye oswa pèdi kalifikasyon pou yon pwogram **Asirans Sante pou Timoun (CHIP)** nan eta a oswa **Medicaid**, nenpòt chanjman nan kouvèti medikal Help at Home ou a dwe fèt nan **60 jou** apre ou jwenn oswa pèdi kouvèti lan, oswa apre yo fin detèmine kalifikasyon ou. Pou fè yon chanjman, ale sou administratè benefis nou an, Aptia365.

Fè lòt chanjman pandan ane plan an

Anplwaye yo ka fè chanjman nan benefis **apre taks** yo te chwazi yo nenpòt lè pandan ane a lè yo konekte sou Aptia365 epi yo chwazi "*Enskri nan benefis apre taks yo oswa chanje yo.*" Nenpòt lòt chanjman nan chwa benefis ou fè pandan ane a mande pou w gen yon evènman lavi ki kalifye (QLE), jan yo dekri pi wo a.

SI YO DIMINYE KANTITE ÈDTAN OU TRAVAY OSWA SI OU AN KONJE

Si w pran yon konje san peye oswa si w pase de peryòd peman youn apre lòt san w pa resevwa okenn salè, ou ka kontinye gen kouvèti nan kad benefis Help at Home yo, men y ap transfere w nan sistèm peman dirèk la pou w peye prim asirans benefis ou yo. Peman dirèk se yon plan peman altènatif ki pèmèt ou kontinye gen kouvèti ou a lè w fè peman chak mwa dirèkteman bay administratè Help at Home la.

Tanpri sonje: Si w pa fè peman yo anvan dat limit peryòd gras ki endike sou fakti a, w ap pèdi kouvèti ou an epi w p ap ka enskri ankò jiskaske pwochen peryòd enskripsyon ouvè a.

Lè kouvèti lan fini

Kouvèti benefis yo ap fini nan dat ki rive an premye pami dat sa yo:

- Dat travay ou nan Help at Home fini
- Lè w pa satisfè kondisyon sou kantite èdtan travay la ankò pandan revizyon kalifikasyon an
- Dat ou kòmanse sèvis aktif nan lame a
- Dat lanmò ou

Kouvèti pou mari oswa madanm ou ak lòt depandan yo fini lè kouvèti pa w la fini oswa lè yo pa kalifye ankò.

Ou menm, mari oswa madanm ou ak/oswa pitit depandan ou yo ka kalifye pou kontinye benefis yo atravè COBRA, konvèsyon asirans lavi, elatriye. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou sit entènèt administratè benefis nou an.

Plan Medikal Pan-American

Help at Home ofri plan medikal Pan-American ki peye montan fiks pou kèk kalite swen sante. Plan sa yo se plan medikal ki gen benefis limite—yo pa asirans sante konplè. Yo peye w montan fiks an lajan kach pou sèvis byen presi, olye yo kouvri yon gwo pati nan total depans medikal ou yo.

Se poutèt sa, ou ka toujou gen pou peye yon bon pati nan depans swen sante ou yo. Li pi bon pou w konsidere plan sa yo kòm kouvèti debaz oswa siplemantè, epi ou ta dwe konpare yo ak opsyon ki ofri asirans konplè (tankou plan Marketplace oswa Medicaid) pou w deside sa ki pi bon pou ou.

Men plan medikal ki disponib pou moun k ap bay swen yo:

- **Plan Swen Prevantif** *(eksepte anplwaye sendika nan Illinois)*
- **PanaMed 1**
- **Plan PanaMed 2**
- **Plan PanaBridge 1** (konbine plan Swen Prevantif la ak plan PanaMed 1 an, epi gen yon rabè sou chak plan)
- **Plan PanaBridge 2** (konbine plan Swen Prevantif la ak plan PanaMed 2 a, epi gen yon rabè sou chak plan)

Tablo sa a bay yon rezime sou sa chak plan kouvri. Ou ka jwenn deskripsyon ki pi detaye sou chak plan nan paj ki vin apre yo. Tanpri sonje plan sa yo ka gen limit sou sa yo kouvri, epi yo ka pa peye yon gwo pati nan depans medikal ou yo.

KALITE SWEN	Plan Swen Prevantif	Plan PanaMed 1	Plan PanaBridge 1	Plan PanaMed 2	Plan PanaBridge 2
• **Egzamen sante** • **Tès depistaj prevantif** • **Vaksen regilye** • **Medikaman prevantif yo apwouve**	✓		✓		✓
Swen vityèl HealthiestYou pa Teladoc		✓	✓	✓	✓
Admisyon nan lopital				✓	✓
Gen kèk egzamen laboratwa, radyografi, MRI, eskanè		✓	✓	✓	✓
Kèk operasyon pou pasyan ekstèn				✓	✓
Kèk medikaman sou preskripsyon*		✓	✓	✓	✓
Asirans kont aksidan, lanmò ak pèt yon pati nan kò		✓	✓	✓	✓
Pri pou chak chèk	Pi ba →				**Pi wo**

** Kouvèti pou medikaman sou preskripsyon ke Lwa sou Swen Abòdab la egzije a disponib nan Plan Swen Prevantif la.*



Men kijan plan sa yo mache

1. Ou jwenn swen nan men yon founisè ki nan rezo a epi ou ba li enfòmasyon sou plan Pan-American ou a. Pou w jwenn yon founisè ki nan rezo a, ale sou providerlocator.com/palicfh oswa rele 888-561-5759.
2. Founisè a soumèt yon reklamasyon bay Pan-American.
3. Pan-American peye founisè a montan ranbousman ou kalifye pou li a, selon plan ou genyen an.
4. Si plan ou a pa kouvri tout frè swen yo, se ou ki dwe peye diferans lan.

Plan Swen Prevantif

Plan Swen Prevantif la kouvri 100% depans tout tès ak pwosedi swen prevantif ki fèt nan rezo a, jan Lwa sou Swen Abòdab la (ACA) egzije sa. Sa gen ladan tès depistaj prevantif, kèk vaksen, konsèy ak plis bagay toujou. Jwenn yon lis konplè sèvis ki kouvri pou tout granmounn, fanm, ak timoun sou Healthcare.gov.

Plan Swen Prevantif la PA kouvri sèvis swen prevantif ki pa nan rezo a, ni tretman pou aksidan, maladi oswa pwoblèm sante kwonik.

Si moun yo enskri nan Plan Swen Prevantif la, yo ka pa kalifye pou yon kredi taks federal atravè yon mache asirans sante federal oswa eta a pandan yo enskri nan plan an.

Pwofited de kouvèti Pan-American plis toujou

Men kèk fason enpòtan ou ka pwofite de kouvèti medikal ou a pou ede w ekonomize pandan tout ane a:

- **Rete nan rezo a.** Plan ou a ba w aksè ak rezo First Health la, youn nan pi gwo rezo nan peyi a. Pou w jwenn doktè ak lopital ki nan rezo a, klike isit la oswa rele 888-561-5759.
- **Jwenn swen prevantif.** Avèk Plan Swen Prevantif la, plan an kouvri tchèkòp chak ane, kèk vaksen ak lòt sèvis ki komen yo a 100%, depi w ale kay yon founisè ki nan rezo a.
- **Konnen ki kote pou w ale.** Lè w konnen ki lè pou w ale kay doktè swen prensipal ou a oswa nan yon etablisman swen ijan olye w ale nan sal ijans, sa ka fè w ekonomize tan ak lajan.

Plan PanaMed 1 ak 2

Plan sa yo peye yon montan fiks pou ede kouvri depans sèvis medikal ki komen yo, tankou vizit kay doktè. Chak plan bay yon montan fiks tou pou medikaman sou preskripsyon. Plan sa yo pa gen kopeman, franchiz ni ko-asirans. Pou w jwenn yon founisè ki nan rezo a, ale sou **providerlocator.com/palicfh** oswa rele 888-561-5759.

BENEFIS MEDIKAL ENPÒTAN	PLAN PANAMED 1 PEYE	PLAN PANAMED 2 PEYE
Vizit kay doktè	$100 pa jou, 6 jou pa ane kalandriye	$125 pa jou, 6 jou pa ane kalandriye
Laboratwa dyagnostik pou pasyan ekstèn	$35 pa jou, 3 jou pa ane kalandriye	$45 pa jou, 3 jou pa ane kalandriye
Radyoloji dyagnostik pou pasyan ekstèn	$100 pa jou, 2 jou pa ane kalandriye	$100 pa jou, 2 jou pa ane kalandriye
CT, MRI ak lòt egzamen avanse pou pasyan ekstèn	$400 pa jou, 2 jou pa ane kalandriye	$500 pa jou, 2 jou pa ane kalandriye
Sèvis chirijikal pou pasyan ki entène	Pa kouvri	$500 pa jou, 1 jou pa ane kalandriye
Anestezi pou pasyan ki entène	Pa kouvri	$125 pa jou, 1 jou pa ane kalandriye
Sèvis chirijikal pou pasyan ekstèn	Pa kouvri	$250 pa jou, 1 jou pa ane kalandriye
Anestezi pou pasyan ekstèn	Pa kouvri	$62.50 pa jou, 1 jou pa ane kalandriye
Konpansasyon lopital*	$100 pa jou (maksimòm pou ane kalandriye a, jiska 180 jou an total pou nenpòt sejou kòm pasyan ki entène)	$700 pa jou, ak yon maksimòm 180 jou an total pou ane kalandriye a
Admisyon nan lopital	Pa kouvri	$1500 premye jou yo admèt ou lopital kòm pasyan ki entène
Benefis pou medikaman sou preskripsyon†	Medikaman jenerik: $10 pa jou, maksimòm 3 jou pa mwa pou chak moun ki asire Medikaman mak: rabè ka disponib	Medikaman jenerik: $10 pa jou, maksimòm 2 jou pa mwa pou chak moun ki asire Medikaman mak: $50 pa jou, 2 jou pa mwa
Rezo	First Health Network	First Health Network

** Gen lòt limit ki aplike pou kèk sèvis pandan w entène lopital.*
***Total pou nenpòt sejou nan lopital kòm pasyan ki entène.*
† Si famasi a fè w peye mwens pase montan benefis pa jou a, y ap voye yon chèk ba ou pa lapòs ki gen diferans lan.

Rabè ak ranbousman nan famasi

Anplis de benefis chak jou ki bay yon montan fiks pou medikaman sou preskripsyon, ou ka sèvi ak kat rabè Pan-American pou w fè plis ekonomi. Atravè rezo famasi RxEDO a, ou gen aksè ak plis pase 68,000 famasi an detay k ap patisipe nan pwogram nan nan tout peyi a, sa gen ladan l tout gwo chèn famasi yo ak plis pase 20,000 famasi endepandan. Si famasi w la gen kesyon, fè yo rele Sèvis Asistans pou Famasi RxEDO a nan 800-522-7487.

Atansyon: Tout benefisyè Medicare

Si ou menm (ak/oswa depandan ou yo) gen Medicare oswa ap vin kalifye pou Medicare nan 12 pwochen mwa yo, lwa federal ba ou plis chwa pou kouvèti medikaman sou preskripsyon ou.

Tarif plan medikal yo

	Anplwaye sèlman	Anplwaye + mari oswa madanm	Anplwaye + pitit (yo)	Fanmi
PLAN MEDIKAL	Chak semèn	Chak semèn	Chak semèn	Chak semèn
Plan Swen Prevantif	$9.75	$11.93	$15.92	$18.11
Plan PanaMed 1	$10.04	$19.60	$15.23	$25.32
Plan PanaMed 2	$18.73	$38.30	$29.99	$50.84
Plan PanaBridge 1 (Plan Swen Prevantif + PanaMed 1)	$18.44	$30.19	$29.81	$42.09
Plan PanaBridge 2 (Plan Swen Prevantif + PanaMed 2)	$27.28	$49.04	$44.73	$67.77

Plan Swen Prevantif la fèt pou bay kouvèti esansyèl minimòm dapre règ federal sou taks sou revni. Moun ki pa enskri nan Plan sa a ka kalifye pou yon kredi taks federal ki diminye prim mansyèl yo, oswa pou yon rediksyon nan kèk depans swen yo dwe peye nan pòch yo, si yo enskri nan yon plan asirans sante atravè mache asirans federal oswa eta. Moun ki enskri nan Plan sa a ka pa kalifye pou yon kredi taks federal atravè yon mache asirans sante federal oswa eta pandan yo enskri nan plan an. Si w abite nan Massachusetts, plan sante sa a pa satisfè nòm minimòm pou kouvèti asirans sante yo (Minimum Creditable Coverage) epi li p ap satisfè egzijans endividyèl Massachusetts la ki mande pou w gen asirans sante.

Plan sa yo pa asirans sante konplè, epi yo pa fèt ni rekòmande pou ranplase asirans sante konplè ou deja genyen an. Plan sa yo bay yon benefis konpansasyon fiks epi yo ka gen ladan benefis ki pa asirans, tankou rabè sou medikaman sou preskripsyon. W ap jwenn yon Sètifika Kouvèti lè w enskri. Plan sa yo pa ranplase kouvèti minimòm esansyèl dapre Lwa sou Swen Abòdab (ACA), epi yo pa kalifye kòm kouvèti minimòm esansyèl dapre ACA a.

Remak: Si w enskri patnè domestik ou a, w ap peye yon pati nan prim lan ak lajan apre taks.

HealthiestYou fè swen vityèl la fasil

Sèvis HealthiestYou by Teladoc la pa koute anplis lè w gen Plan Swen Prevantif, PanaMed oswa PanaBridge. Telechaje aplikasyon HealthiestYou a, enskri sou **healthiestyou.com**, oswa rele 855-894-9627 pou pale ak yon doktè. Ou ka sèvi ak telefòn ou 24 sou 24, 7 jou sou 7, pou:

- Konekte ak yon doktè
- Jwenn tretman
- Konpare pri
- Resevwa preskripsyon
- Ak anpil lòt bagay toujou!

Sipò pou sante ak byennèt

Benefis Help at Home yo vini ak anpil lòt avantaj! Si w enskri nan youn nan plan ki anba yo, ou ka jwenn resous sa yo san w pa peye anplis.

Plan Medikal Pan-American

HealthiestYou

Swen vityèl HealthiestYou disponib ak nenpòt plan Swen Prevantif, PanaMed oswa PanaBridge. Atravè HealthiestYou, ou ka konsilte yon doktè, jwenn tretman epi resevwa preskripsyon* 24 sou 24, 7 jou sou 7.

HealthiestYou ofri tou:

- Ekonomi sou medikaman sou preskripsyon
- Kontni sou jesyon sante

Telechaje aplikasyon HealthiestYou a, enskri sou **healthiestyou.com**, oswa rele 855-894-9627.

Asistans pou manm yo

Tout plan Pan-American yo gen yon reprezantan ki la pou ede manm yo. Reprezantan sa a travay pou diminye depans medikal ou yo epi ede w jere sitiyasyon fakti ki bay estrès. Reprezantan sa yo ka ede w avèk:

- Fakti medikal ak depans medikaman sou preskripsyon
- Tès laboratwa ak radyografi
- Eskanè CT / MRI
- Planifikasyon pwosedi chirijikal
- Founiti pou dyabèt
- Reklamasyon ki konplike ak pwoblèm fakti

Rele 1-800-999-5382 lendi jiska vandredi, 7:30 AM – 6:00 PM, Lè Santral, pou w jwenn plis enfòmasyon.

** Medikaman sou preskripsyon Lwa sou Swen Abòdab (ACA) egzije yo.*

Rapatriman entènasyonal

Nenpòt plan PanaMed oswa PanaBridge ofri sèvis sa a, ki ede w santi w anpè lè w nan bezwen. Benefis sa a gen ladan:

- Depans pou preparasyon; anboman oswa ensinerasyon
- Sèkèy pou transpò oswa bwat pou transpò ayeryen
- Transpò kadav la kote moun nan te rete a oswa kote yo pral antere l la

Pou aktive sèvis asistans lan, rele:

- 1-888-558-2703 (nimewo gratis pou rele nan Etazini)
- 1-312-356-5963 (moun w ap rele a ap peye apèl la si w pa Etazini)


PA BLIYE:

Help at Home bay tout anplwaye yo ak fanmi yo aksè **gratis** ak SupportLinc tou pou:

- Sipò pou sante mantal
- Pwoblèm nan edikasyon timoun
- Èd pou jwenn gadri
- Referans pou swen alontèm
- Konsèy sou lavi
- Ak plis bagay toujou

Rele 888-491-6819 oswa ale sou **supportlinc.com**pou w kòmanse epi antre kòd anplwayè a "**helpathome**".

Asirans dantè



Nouvo founisè swen dantè, menm bon kouvèti a! De plan dantè Help at Home yo (Plan debaz la ak Plan amelyore a) disponib kounye a atravè MetLife.

Rezime plan dantè

Benefis sa yo nan opsyon plan ou yo. Sof si yo presize yon lòt bagay, benefis yo aplike pou chak moun ki asire, apre franchiz la. Pou kesyon sou swen dantè oswa pou jwenn yon dantis toupre w, rele 1-800-638-5433 oswa ale sou metlife.com- anba **Pwodwi ak solisyon yo**, chwazi **Dantè** Apre w fin chwazi **Jwenn yon dantis**, klike sou **PDP Plus**.

	PLAN DEBAZ (KI NAN REZO A AK KI PA NAN REZO A)	PLAN AMELYORE (KI NAN REZO A AK KI PA NAN REZO A)
Franchiz pou ane kalandriye *(manm/fanmi)*	Ou peye $50/$150	Ou peye $50/$150
Maksimòm pou ane kalandriye* *(pou chak manm ki kouvri)*	$1,500	$2,500
Maksimòm pou òtodonti pandan tout lavi *(pou chak manm ki kouvri)*	Pa aplikab	$1,500
Swen prevantif ak dyagnostik	Kouvri a 100%	Kouvri a 100%
Sèvis restorasyon *(plonbaj dan ak tretman jenjivit)*	Ou peye 20%	Ou peye 20%
Kanal rasin	Ou peye 20%	Ou peye 20%
Sèvis operasyon nan bouch *(ekstraksyon dan)*	**Dan ki soti:** Ou peye 20% **Dan ki bloke anba tisi mou:** Ou peye 20% **Dan ki bloke an pati/nèt nan zo:** Ou peye 50%	**Dan ki soti:** Ou peye 20% **Dan ki bloke anba tisi mou:** Ou peye 20% **Dan ki bloke an pati/nèt nan zo:** Ou peye 50%
Sèvis pou kouwòn ak enlay/onlay	Ou peye 50%	Ou peye 50%
Sèvis pwostodontik	Ou peye 50%	Ou peye 50%
Sèvis òtodonti	Pa kouvri	Ou peye 50%

Tarif plan dantè a

NIVO KOUVÈTI	Plan dantè debaz (chak semèn)	Plan dantè amelyore (chak semèn)
Anplwaye sèlman	$4.50	$6.77
Anplwaye + mari oswa madanm oswa patnè domestik	$8.99	$13.54
Anplwaye + pitit (yo)	$10.00	$18.27
Fanmi	$14.65	$22.03

**Depans pou swen prevantif yo pa konte nan limit maksimòm pou ane kalandriye a.*
Remak: Si w enskri patnè domestik ou a, w ap peye yon pati nan prim lan ak lajan apre taks.
Pou w jwenn lis konplè kouvèti plan an, ale sou sit entènèt administratè plan an epi gade rezime benefis la anba "Gade dokiman yo."

Asirans pou swen je

Egzamen je regilye yo ka ede kenbe je w an sante epi detekte pwoblèm ki posib yo bonè. Ou gen fleksibilite pou w vizite nenpòt founisè pou swen je. Sepandan, w ap ekonomize plis si w itilize yon founisè ki nan rezo a.

Ale sou vsp.com oswa rele 800-877-7195 pou w founisè ki nan rezo a toupre w. Tanpri sonje ou **PAP** resevwa kat idantifikasyon pou swen je. Pwofesyonèl sante ou a ap verifye kouvèti w la avèk nimewo Sekirite Sosyal ou.

Rezime plan swen je

Benefis sa yo fè pati opsyon plan ou yo. Sof si yo presize yon lòt bagay, benefis yo aplike pou chak moun ki gen asirans.

	KI NAN REZO A	KI PA NAN REZO A
Egzamen *(yon fwa chak ane kalandriye)*	Kouvri a 100% apre yon kopeman $10	Ranbousman jiska $45
Monti *(yon fwa chak ane kalandriye)*	Kouvri a 100%, jiska yon alokasyon $150 (oswa $200 pou monti linèt nan Visionworks). Kopeman $25 la aplike pou acha monti linèt ak lantiy yo	Ranbousman jiska $50
Lantiy *(yon fwa chak ane kalandriye)*	Kouvri a 100% Kopeman $25 la separe ant monti linèt la ak lantiy yo	
Vizyon senp		Ranbousman jiska $30
Bifokal		Ranbousman jiska $50
Trifokal		Ranbousman jiska $60
Lantikilè		Ranbousman jiska $75
Lantiy kontak (olye lantiy linèt yo) *(yon fwa chak ane kalandriye)*		
Opsyonèl	Jiska $150 alokasyon Kopeman maksimòm $60 pou egzamen an	Ranbousman jiska $100
Medikalman nesesè	Kouvri a 100% apre yon kopeman $25 pou materyèl	Ranbousman jiska $210

Tarif plan swen je a

NIVO KOUVÈTI	Chak semèn
Anplwaye sèlman	$1.10
Anplwaye + mari oswa madanm oswa patnè domestik	$2.19
Anplwaye + pitit (yo)	$2.34
Fanmi	$3.75

Remak: Si w enskri patnè domestik ou a, w ap peye yon pati nan prim lan ak lajan apre taks.

Asirans pou swen je

Lè w enskri nan VSP Vision Care, w ap jwenn benefis sa yo tou:



- Alokasyon $150 pou achte linèt solèy san preskripsyon oswa linèt ki filtre limyè ble, nan plas linèt korektè oswa lantiy kontak ak preskripsyon.
- 15% rabè sou operasyon lazè pou korije vizyon nan etablisman ki gen kontra.
- 20% rabè sou depans ou fè ak lajan nan pòch ou pou linèt apre yo fin aplike alokasyon pou monti linèt la.
- Aksè sou eyeconic.com, yon sit pou achte lantiy kontak ak monti linèt designer sou entènèt
  - plan rabè VSP Simple Values la, ki pèmèt ou menm ak fanmi w jwenn rabè ak ekonomi chak jou sou:
- **Medikaman sou preskripsyon:** ekonomize jiska 85% nan famasi CVS, Costco, Walmart, Target, Walgreens ak lòt toujou
- **Vizit kay doktè:** ekonomize jiska 25% epi jwenn aksè ak yon doktè 24 sou 24, 7 jou sou 7, pa telefòn oswa videyo
- **Dantè:** ekonomize jiska 50%
- **Egzamen laboratwa, MRI ak imajri:** ekonomize jiska 60%
- **Aparèy pou tande:** ekonomize jiska 60%
- **Sèvis swen pou dyabèt:** ekonomize jiska 75%
- **Swen pou bèt kay:** aksè ak ekspè veterinè 24 sou 24, 7 jou sou 7
  - **Divètisman pou tout fanmi an**: ekonomize jiska 40% sou espektak an dirèk, tikè sinema ak tikè pou pak amizman
- **Vwayaj ak otèl:** ekonomize jiska 60%
- Gade ekonomi ki disponib pou ou yo. Ale sou **vsp.com/simplevalues**

Opsyon benefis volontè

Anplis de benefis medikal, dantè ak swen je, Help at Home ba w posiblite pou w enskri nan opsyon benefis ki konplete—men ki pa ranplase—kouvèti sante ou ka deja genyen an. Benefis sa yo disponib pou anplwaye ki travay an mwayèn 30 èdtan oswa plis pa semèn, epi yo bay peman lajan kach pou ede w konpanse depans ki gen rapò ak yon maladi oswa yon blesi. Benefis ak kondisyon ki kouvri yo varye selon eta a. Revize enfòmasyon sou plan yo sou sit **Aptia 365** kote w enskri nan benefis yo.

Maladi grav

Asirans pou maladi grav ka ede w peye depans ou dwe peye ak lajan nan pòch ou si yo dyagnostike ou menm oswa yon depandan ki gen kouvèti ak yon maladi grav, tankou: Kansè, kriz kadyak, konjesyon serebral, ensifizans renal nan faz tèminal oswa bezwen yon transplantasyon ògàn.

- Benefis la peye w yon montan lajan kach yon sèl kou, dirèkteman.
- Ou ka enskri nan kouvèti a san ou pa bezwen reponn okenn kesyon sou sante w.

Asirans aksidan

Asirans aksidan an peye w yon montan lajan kach si w fè yon aksidan ki kouvri andeyò travay.

- Asirans lan peye w benefis yo dirèkteman pou chak evènman ki kouvri.
- Ou ka sèvi ak lajan sa a pou peye depans vizit nan sal ijans, entène lopital, vizit kay doktè ak terapi fizik ki gen rapò ak aksidan.
- Gen benefis tou pou kèk blesi, tankou debwatman, zo kase, boule ak blesi ki fann po a.



Konpansasyon lopital

Asirans pou konpansasyon lopital ba w yon montan fiks yon sèl kou si yo entène w lopital akoz yon maladi oswa yon blesi ki kouvri.

- Yo peye w yon benefis pou admisyon lopital ak pou chak jou ou entène lopital la.
- Pa gen ko-asirans, kopeman, peryòd datant ni franchiz.

ENPÒTAN: Asirans pou konpasasyon lopital se yon kontra asirans ki peye montan fiks, LI PA yon asirans sante. Yo bay plis enfòmasyon nan **Aptia365** pandan pwosesis enskripsyon an.

Resevwa lajan pou abitid ki bon pou sante w

Asirans pou maladi grav ak asirans pou konpansasyon lopital gen ladan yo yon benefis pou byennèt:

- Resevwa $50 chak ane lè w patisipe nan tès depistaj prevantif oswa lè w fè egzamen fizik anyèl ou.
- Ou menm ak chak depandan ki kouvri kalifye pou benefis byennèt sa a.

Benefis pou lavi chak jou

Lavi konn pote sipriz – gen ladan yo ki bèl, gen lòt ki bay tèt chaje. Se poutèt sa Help at Home ofri w benefis MetLife pou lavi chak jou, pou ede w gen lespri poze, ak yon pri gwoup espesyal ki rabè. Benefis sa yo disponib pou anplwaye ki travay an mwayèn 30 èdtan oswa plis pa semèn.

Asirans pou sèvis legal

Asirans pou sèvis legal pèmèt anplwaye yo jwenn sèvis nan men yon rezo avoka ki kouvri tout peyi a pou bezwen legal ki komen, tankou ekri testaman ak planifye eritaj, achte/vann kay, pwoblèm ki gen rapò ak sikilasyon, ak lòt bagay ankò—souvan san fòmilè reklamasyon, tann yon peryòd datant oswa respekte limit sou kantite fwa yo itilize sèvis la. Moun ki enskri yo ka jwenn konsiltasyon san limit ak avoka ki nan rezo a. Lè w fin enskri, ou ka kreye yon kont sou **members.legalplans.com** oswa rele 800-821-6400 pou w kòmanse.

Pwoteksyon Aura kont fwod ak vòl idantite

Siveyans kontinyèl idantite, kredi ak kont finansye ou yo, ak alèt rapid si gen yon bagay ki pa nòmal. Kouvèti sa a ede retire enfòmasyon pèsonèl ou ki ekspoze sou sit ki riske tou, epi li gen zouti pou pwoteje Wi-Fi ak aparèy ou yo. Si gen fwod, espesyalis yo ede w rezoud pwoblèm nan. Lè w fin enskri, ou ka kreye yon kont sou **my.aura.com/start** oswa rele 844-931-2872 pou w kòmanse.



Asirans pou bèt kay

Asirans pou bèt kay MetLife ede peye depans veterinè ou pa t atann yo ak depans pou swen woutin, ki gen ladan l aksidan, maladi, operasyon, ak sèvis prevantif tankou vaksinasyon ak vizit byennèt. Anplwaye yo ka chwazi opsyon kouvèti fleksib ki ranbouse jiska 90% depans yo, san restriksyon sou ras oswa laj bèt la. Lòt avantaj yo gen ladan yo yon sèvis tchat an dirèk ak veterinè 24 sou 24, 7 jou sou 7, ak rabè ki ka rive jiska 30%. **Tanpri sonje:** Ou pa chwazi asirans pou bèt kay la lè w ap enskri pou benefis yo, epi ou pa ka peye l pa mwayen dediksyon sou pewòl. Si w vle enskri, ale sou **metlife.com/getpetquote** oswa rele 800-438-6388.

Asirans kay ak machin

Anplwaye Help at Home yo ka jwenn kouvèti pou machin ak kay ak rabè atravè Farmers Insurance—adapte kouvèti a selon bezwen yo— epi li ofri tou sèvis itil tankou asistans sou wout ak reparasyon garanti pou domaj ki kouvri. Lòt avantaj pwogram nan gen ladan l rabè pou peman otomatik ak rekonpans pou kondwi san w pa fè reklamasyon. **Tanpri sonje:** Ou pa chwazi plan asirans kay ak machin yo lè w ap enskri pou benefis yo, epi ou pa ka peye yp pa mwayen dediksyon sou pewòl. Si w vle enskri, rele 800-438-6388.

Kont transpò pou ale travay

Ekonomize lajan sou depans transpò pou ale travay la lè w peye depans pakin ak transpò piblik ki kalifye yo ak lajan yo poko retire taks sou li. Kont transpò pou ale travay la pèmèt ou mete lajan sou kote nan chèk peman ou anvan yo retire taks sou li, epi itilize lajan sa a pou depans transpò ki kalifye, tankou tren, metwo, bis, bato feri, transpò an gwoup nan yon ti bis ak pakin ki gen rapò ak travay. Ou ka enskri oswa chanje montan kontribisyon ou nenpòt ki lè pandan ane a. Help at Home elaji kritè kalifikasyon pou pwogram Kont transpò pou ale travay la an 2027. Jwenn plis enfòmasyon nan **Aptia365**.

Plan retrèt 401(k)

Help at Home pran angajman li pou ede w planifye avni w lè li ofri yon plan 401(k) atravè Fidelity Investments. Y ap retire kontribisyon retrèt ou yo nan chak chèk pewòl. Konsa, w ap ka mete lajan sou kote fasilman epi atenn objektif finansye ou.

Ou ka mete lajan sou kote atravè dediksyon apre taks nan plan Roth 401(k) la oswa dediksyon anvan taks nan plan 401(k) tradisyonèl la.

- Help at Home ajoute menm montan an pou chak dola ou kontribye, jiska 2% nan salè ou.
- Lè w pran retrèt, ou ka retire kontribisyon Roth ou te fè apre taks yo ak reveni yo jenere a san w pa peye taks sou yo.
- Lè w pran retrèt, w ap peye taks sou kontribisyon anvan taks ou fè nan plan 401(k) tradisyonèl la ansanm ak reveni yo jenere yo.
- Anplwaye ki gen 21 ane oswa plis kalifye pou yo patisipe nan Plan Epay 401(k) la (eksepte anplwaye sendika Indiana yo).

Ou ka kòmanse, sispann, ogmante oswa diminye kontribisyon ou nenpòt kilè lè w rele Fidelity nan 800-835-5097 oswa lè w ale sou 401k.com.

Benefisyè yo

Tanpri presize kiyès k ap benefisyè plan ou a sou sit Fidelity a 401k.com. Fidelity pèmèt ou deziyen benefisyè ou yo sou entènèt.



PA RATE LAJAN GRATIS LA

Help at Home ajoute yon montan ki egal ak premye 2% kontribisyon ou fè nan plan 401(k) ou a. Lè w kontribye omwen 2% nan salè ou, ou ka pwofite nèt de avantaj enpòtan sa a epi fè ekonomi retrèt ou grandi pi vit.

Ekonomize lè w sèvi ak lajan yo poko retire taks sou li!

Ou ka fè kontribisyon nan plan 401(k) a anvan yo retire taks, sa ki ka ede w peye mwens taks kounye a pandan w ap mete lajan sou kote pou retrèt ou. Ou gen opsyon tou pou w fè kontribisyon apre yo fin retire taks. Pou kesyon sou plan an ak envestisman, kontakte Fidelity nan 800-835-5097 oswa ale sou 401K.com pou w jwenn plis enfòmasyon.

Asirans lavi ak AD&D



Help at Home ofri anpil opsyon pou pwoteje fanmi w ak finans ou kont divès sitiyasyon.

Asirans lavi tanporè ak asirans lanmò aksidantèl ak andikap (AD&D) anplwaye a peye

Moun k ap bay swen ki kalifye yo ka chwazi enskri nan asirans lavi tanporè ak asirans pou lanmò oswa pèt manm akoz aksidan (AD&D) nan MetLife, se anplwaye yo ki peye prim asirans sa yo. Vizite sit entènèt administratè benefis Help at Home la **Aptia365**. pou w jwenn enfòmasyon sou opsyon kouvèti yo ak dediksyon sou pewòl pou kouvèti ki endike nan **paj 21 an**.

Kalifikasyon pou kouvèti garanti

Nouvo anplwaye yo kalifye pou montan kouvèti garanti a san yo pa bezwen bay prèv yo kalifye pou asirans (EOI), pandan premye peryòd enskripsyon yo, apre premye peryòd evaliyasyon 6 mwa a. Si w pa enskri pandan premye peryòd enskripsyon ou a, montan kouvèti garanti a p ap aplike, epi w ap bezwen bay prèv ou kalifye pou asirans pou w ka enskri.

PLAN	DETAY	MONTAN ASIRANS YO GARANTI
Asirans lavi tanporè pou anplwaye a	Chwazi montan an pa tranch $25,000, jiska $500,000.	$150,000
AD&D pou anplwaye a*	Chwazi montan an pa tranch $25,000, jiska $500,000.	$500,000
Asirans lavi tanporè pou mari oswa madanm/patnè domestik	Chwazi montan an pa tranch $5,000, jiska $250,000, men li pa ka depase 50% montan asirans anplwaye a.	$25,000
Asirans lavi tanporè pou timoun**	Chwazi montan an pa tranch $2,500, jiska $10,000 pou timoun ki gen 14 jou oswa plis ki pa oblije rete lakay yo oswa entène lopital. Kouvèti a fini a laj 26 ane.**	$10,000

Ou dwe ap travay aktivman pou tout benefis ki endike pi wo yo ka antre an vigè.

Pou montan kouvèti AD&D volontè pou Anplwaye + Fanmi an, gade rezime plan yo sou sit entènèt administratè benefis Help at Home la, anba "Gade dokiman".

* *Ou ka chwazi kouvèti AD&D opsyonèl pou tèt ou sèlman oswa pou tèt ou ak fanmi w. Si w chwazi kouvèti AD&D pou fanmi an, kouvèti pou depandan yo ap fè pati kouvèti anplwaye a, epi tout depandan ki kalifye yo ap kouvri nan menm tarif la.*

** *Tout timoun ki kalifye ki gen plis pase 14 jou kouvri anba asirans vi tanporè pou timoun—ou pa bezwen achte yon kouvèti apa pou chak timoun.*

Prèv ou kalifye pou asirans

Si yo bezwen prèv kalifikason pou asirans (EOI), MetLife ap kontakte w pa imèl oswa pa lapòs pou yo voye dokiman EOI ki nesesè yo pou ou. Montan ki depase montan garanti a p ap antre an vigè toutotan MetLife poko apwouve EOI ou a epi ou poko ap travay aktivman. Lè yo fin verifye epi apwouve dokiman yo, pi gwo kouvèti ou te chwazi a ap antre an vigè, epi y ap ajiste kontribisyon yo retire nan chak chèk salè w kòmsadwa.

Pwofite de benefis sa yo ki vini ak Asirans Vi MetLife ou a:

- Preparasyon testaman
- Sèvis pou regle eritaj
- Rabè sou depans antèman ak sèvis planifikasyon antèman

Jwenn plis enfòmasyon sou **metlife.com/mybenefits**.

Asirans pou Andikap Tanporè

Si w oblije pran yon poz nan travay akoz akouchman, aksidan oswa maladi, pwogram andikap tanporè Help at Home genyen atravè MetLife pou ede w asire ke w ap kontinye resevwa ***omwen*** yon pati nan revni w pandan jiska 26 semèn, jiskaske w kapab retounen travay. Asirans pou andikap ka ede w peye depans debaz tankou lojman (ipotèk oswa lwaye), sèvis piblik, manje, transpò, gadri pou timoun ak plis toujou. Tanpri sonje ke benefis yo kòmanse apre yon peryòd datant obligatwa 14 jou.

Tanpri sonje: Si w pa enskri pandan premye peryòd enskripsyon ou a apre premye peryòd evaliyasyon 6 mwa a, w ap bezwen bay prèv ou kalifye pou asirans pou w ka enskri.

ANDIKAP TANPORÈ*	Opsyon 1	Opsyon 2
Montan fiks benefis la	$200 pa semèn	$400 pa semèn
Kòmansman benefis yo	15yèm jou andikap la	15yèm jou andikap la
Dire maksimòm benefis la	26 semèn	26 semèn

NIVO KOUVÈTI	Chak semèn	Chak semèn
Anplwaye sèlman	$4.13	$8.26

**Prèv ou kalifye pou asirans obligatwa si ou pa aplike lè ou kalifye pou premye fwa a.*



Moun tankou mwen: jwenn benefis ki bon pou mwen

Help at Home ba ou libète pou w chwazi kouvèti ki koresponn ak bezwen w ansanm ak bidjè w. Ou gen aksè ak benefis konpetitif ak sipò pandan tout ane a. Men kijan eksperyans pèsonèl de anplwaye “òdinè” ki pwofite nèt de benefis yo ye.



FÈ KONESANS AK PETE

Pete nan 50èn li epi li selibatè. Rete an sante epi limite depans li se pi gwo priyorite li an 2027. Li pran kèk medikaman sou preskripsyon pandan ane a pou jere pwoblèm sante li yo. E ane k ap vini an, li konnen l ap bezwen fè yon operasyon woutin nan ponyèt li, ki pral anpeche l travay pandan kèk semèn.

Pou 2027, Pete enskri nan:

- Plan **PANAMED 2** pou konpansasyon limite, paske li ofri benefis pou medikaman sou preskripsyon ak operasyon.
- Plan **dantè debaz** pou l jwenn swen prevantif pou dan li a yon pri abòdab.
- **Kouvèti** pou swen je pou kenbe je li an sante epi kenbe preskripsyon linèt li yo ajou.
- **Kouvèti pou Andikap Tanporè** (STD), pou asire ke li ka kontinye resevwa yon pati nan revni li apre operasyon ki pwograme nan ponyèt li a, ki pral anpeche l travay pandan plizyè semèn. Kouvèti STD sa a ka ede l peye depans debaz tankou lwaye, sèvis piblik ak manje pandan li pa ka travay.
- Li kontribye nan plan epay retrèt **Help at Home 401(k)** a, epi Help at Home ajoute yon montan ki egal ak premye 2% li kontribye yo.

An 2027, li pwofite tou de:

- **Sèvis legal atravè MetLife**, pou ede l planifye eritaj li.
- Li enskri tou pou **Pwoteksyon kont Vòl Idantite**, pou ede pwoteje enfòmasyon pèsonèl ak finansye li yo.
- EAP **pou jwenn èd gratis** pou chèche swen pou manman l ki se yon granmoun aje.

FÈ KONESANS AK LIA



Lia ak mari l ap prepare pou 2027, lè y ap akeyi dezyèm pitit yo. Pi gran pitit gason yo a ap prepare pou l kòmanse lekòl tou, kidonk li enpòtan anpil pou yo kenbe tès depistaj sante li yo ak vaksen li yo ajou.

Pou 2027, Lia enskri nan:

- Plan **Swen Prevantif la** ki kouvri tout tès depistaj prevantif ak vaksen ki nan rezo a pou tout fanmi an **gratis**, ansanm ak lòt avantaj li pral bezwen pandan l ap prepare pou lavi ak yon tibebe ki fèk fèt. Li pral ajoute tibebe a nan kouvèti li nan 30 jou apre nesans tibebe a.
- Plan **dantè amelyore** pou plis kouvèti pou fanmi an, ak **Kouvèti VSP pou swen je**.
- **Asirans pou konpansasyon lopital** atravè MetLife, paske li konnen plan an ap peye yon montan fiks yon sèl kou pou yon sejou lopital apre tibebe a fin fèt.
- Plan **401(k) Help at Home nan**. Anplis de lajan li kontribye nan chak chèk salè, Help at Home ajoute menm montan li kontribye a, jiska premye 2% kontribisyon li yo.

An 2027, li pwofite tou de:

- **Rabè sou asirans kay ak machin atravè MetLife**, pou li asire l ke gen bon jan pwoteksyon pou kay yo ak SUV yo fèk achte a.
- **HealthiestYou by Teledoc** pou **swen vityèl** lè pi gran pitit gason l lan gen enfeksyon nan zòrèy epi li bezwen yon medikaman sou preskripsyon.
- Pwogram Èd pou Anplwaye **(EAP) pou jwenn èd gratis pou chèche gadri pou timoun** lè li menm ak mari l retounen travay.
- Pwogram **Help at Home Advantage** pou jwenn rabè sou rad ak mèb pou tibebe.

Pri kouvèti an

Tarif plan medikal pou swen prevantif: Gade paj 10

Tarif plan medikal PanaMed ki gen kouvèti limite ak plan konpansasyon lopital: Gade paj 10

Tarif plan dantè: Gade paj 12

Tarif plan swen pou je: Gade paj 13

Tarif asirans andikap tanporè: Gade paj 19

Tarif asirans lavi opsyonèl ak AD&D

LAJ AKTYÈL	TARIF ASIRANS LAVI OPSYONÈL POU ANPLWAYE YO Tarif pou chak $1,000 kouvèti	TARIF ASIRANS LAVI OPSYONÈL POU MARI OSWA MADANM Tarif pou chak $1,000 kouvèti
Laj < 25	0.050	0.050
Laj 25-29	0.060	0.060
Laj 30-34	0.080	0.080
Laj 35-39	0.090	0.090
Laj 40-44	0.100	0.100
Laj 45-49	0.170	0.170
Laj 50-54	0.230	0.230
Laj 55-59	0.502	0.502
Laj 60-64	0.865	0.865
Laj 65-69	1.397	1.397
Laj 70-74	2.060	2.060
Laj 75-79	3.743	3.743
Laj 80 oswa plis	5.719	5.719

	Tarif pou chak $1,000 kouvèti
ASIRANS LAVI POU PITIT DEPANDAN YO	0.143

VOLONTÈ AD&D	
Anplwaye sèlman	0.020
Anplwaye + Fanmi	0.030

Avi enpòtan sou konfòmite

Ou ka jwenn avi enpòtan sou benefis yo lè w konekte nan Sant Konesans Help at Home isit la.

Si w gen kesyon oswa si w ta renmen mande yon kopi sou papye gratis, tanpri voye yon imèl baybenefits@helpathome.com.



Pri kouvèti an (kontinye)

Tarif asirans aksidan	PLAN KI BA	PLAN KI WO
NIVO KOUVÈTI	Chak mwa	Chak mwa
Anplwaye sèlman	$3.00	$5.54
Anplwaye + mari oswa madanm oswa patnè domestik	$6.00	$11.09
Anplwaye + pitit (yo)	$7.07	$13.07
Fanmi	$8.60	$15.91

Tarif asirans pou maladi grav: Montan pou peye chak mwa pou chak $1,000 kouvèti

LAJ AKTYÈL	ANPLWAYE SÈLMAN	ANPLWAYE + MARI OSWA MADANM OSWA PATNÈ DOMESTIK	Anplwaye + Pitit (yo)	Fanmi
Laj < 25	$0.44	$0.71	$0.67	$0.94
Laj 25-29	$0.49	$0.79	$0.73	$1.02
Laj 30-34	$0.58	$0.92	$0.82	$1.15
Laj 35-39	$0.70	$1.09	$0.93	$1.32
Laj 40-44	$0.91	$1.39	$1.14	$1.63
Laj 45-49	$1.20	$1.84	$1.43	$2.08
Laj 50-54	$1.60	$2.52	$1.84	$2.75
Laj 55-59	$2.11	$3.39	$2.34	$3.63
Laj 60-64	$2.83	$4.62	$3.07	$4.85
Laj 65-69	$3.83	$6.32	$4.06	$6.55
Laj 70-74	$5.19	$8.47	$5.42	$8.71
Laj 75 oswa plis	$7.37	$11.76	$7.61	$11.99

Tarif asirans konpansasyon lopital

NIVO KOUVÈTI	Chak mwa
Anplwaye sèlman	$16.31
Anplwaye + mari oswa madanm oswa patnè domestik	$29.06
Anplwaye + pitit (yo)	$24.36
Fanmi	$37.11

Asirans pou sèvis legal

NIVO KOUVÈTI	Chak mwa
Anplwaye a sèlman (kouvri mari oswa madanm ak depandan yo tou)	$16

Pwoteksyon kont vòl idantite avèk Aura

NIVO KOUVÈTI	Chak mwa
Anplwaye a sèlman	$8.45
Fanmi	$13.95

Enfòmasyon pou kontakte

Tanpri gade enstriksyon sou enskripsyon ki atache yo ak enfòmasyon pou w kontakte administratè benefis Help at Home la si w gen kesyon oswa pou w enskri.

Sant **Konesans Help at Home** nan se yon bon kote pou w kòmanse si w pa fin sèten ki kote pou w ale oswa sa w ap chèche. Yo mete Help at Home Knowledge Center la ajou souvan ak kesyon moun poze souvan ak enfòmasyon pou kontakte yo.

Ou ka sèvi ak tablo sa a si w bezwen kontakte konpayi ki bay benefis la dirèkteman apre w fin enskri epi kouvèti an kòmanse. **Tanpri kontakte administratè benefis nou an, Aptia365, pou kesyon jeneral sou benefis yo, rele 855-746-3198.**

BENEFIS	ADMINISTRATÈ	NIMEWO TELEFÒN	SIT ENTÈNÈT
Pwogram Asistans Anplwaye	SupportLinc	888-491-6819	supportlinc.com
Plan 401 (k)	Fidelity	800-835-5097	401k.com
Plan asirans konpansasyon limite, swen prevantif, swen medikal, swen medikal ak swen lopital	Pan-American	800-999-5382	mypalic.com
Kouvèti COBRA	Depatman Kontinyasyon Benefis Aptia365	866-268-0142	yourflexbenefits.aptia365.com/
Medikaman sou preskripsyon	RxEdo	888-879-7336	rxedo.com
Dantè	MetLife	800-438-6388	MyBenefits.Metlife.com
Swen je	VSP	800-877-7195	VSP.com
Asirans medikal anplis (asirans aksidan, maladi grav, konpansasyon lopital, sèvis jiridik an gwoup, pwoteksyon kont vòl idantite ak asirans pou bèt kay)	MetLife	800-438-6388	MyBenefits.Metlife.com
Asirans pou kay ak machin	Farmer's Select	800-438-6381	farmers.com/groupselect
Benefis pou transpò pou ale travay	Adesso	Pa aplikab	adesso.wealthcareportal.com
Asirans lavi tanporè/AD&D	MetLife	800-638-6420 Kesyon sou reklamasyon ki deja egziste: Opsyon 2; Deklarasyon sante: Opsyon 1	MyBenefits.Metlife.com
Andikap*	MetLife	800-438-6388	MyBenefits.Metlife.com
Help at Home Advantage	Working Advantage	Pa aplikab	helpathome.savings.workingadvantage.com

Remak: Ou ka gen dwa pou lòt benefis jan lalwa mande sa nan eta kote w ap travay la.

* *Kontakte Broadspire, administratè konje Help at Home lan, lè w ap mande konje, tankou konje pou andikap, nan 888-644-8643 oswa leavetech.my.site.com/connect.*

Si w bezwen plis èd apre w fin kontakte patnè sèvis nou yo, tanpri kontakte nou nan benefits@helpathome.com.

Kijanpouw enskri


Èd lè w bezwen l – nan lang ou bezwen an


Ou ka jwenn sipò pèsonalize nan men konseye sou benefis ki gen lisans pou ede w pi byen konprann opsyon ou genyen yo. Sèvis gratis sa a gen reprezantan ki pale plizyè lang ak sèvis TTY. Si w pa gen aksè ak yon òdinatè oswa si w prefere enskri avèk èd yon konseye sou benefis, rele 855-746-3198 lendi jiska vandredi, 6am - 8pm CT ak samdi, 9am - 1pm CT.

Pou w enskri pou benefis sante ak byennèt Help at Home yo, antre dirèkteman sousistèm enskripsyon Help at Home nan, Aptia365, sou òdinatè, tablèt oswa telefòn mobil ou. Sistèm nan ap gide w nan pwosesis enskripsyon an avèk zouti ak resous tankou tablo konparezon, videyo edikatif, dokiman referans ak plis bagay toujou.

1. Tout anplwaye yo ap enskri atravè Aptia365 nan https://aptia365.com/helpathome
2. Konekte ak kont ou deja genyen an OSWA kreye yon nouvo kont lè w chwazi “Nouvo itilizatè – Kòmanse.”
3. Si w gen pwoblèm pou w kreye kont ou an oswa fini enskripsyon an, tanpri rele yon konseye sou benefis Aptia365 nan **855-746-3198** pou w jwenn èd. Gen reprezantan ki pale plizyè lang ki disponib, ansanm ak sèvis TTY.

Mete kamera iPhone oswa Android ou an sou kòd QR la pou w antre nan Aptia365.





Sekirite enfòmasyon w yo enpòtan anpil, se poutèt sa nou itilize otantifikasyon ak plizyè faktè (MFA).

- MFA mete non itilizatè w ak modpas ou ansanm ak yon kòd tanporè ki gen chif, yo voye ba ou kòm yon lòt mezi sekirite pou verifye idantite w epi pwoteje enfòmasyon w yo.
- Pou w enskri, w ap bezwen bay kat dènye chif nimewo Sekirite Sosyal ou (SSN), siyati w, dat nesans ou ak kòd postal ou.
- Lè yo fin verifye enfòmasyon ki anwo yo, y ap mande w chwazi adrès imèl ak/oswa nimewo telefòn ou te bay Help at Home nan. Y ap voye yon kòd verifikasyon sou aparèy ou te chwazi a. Apre sa, w ap kapab fini pwosesis enskripsyon an lè w antre kòd la.
- W ap oblije pase nan pwosesis verifikasyon kòd MFA a chak fwa w konekte.

Pou w enskri nan plan 401(k) Help at Home la oswa fè chanjman ladan l, ou ka chwazi kontribisyon ak envestisman ou yo, epi chwazi benefisyè w yo, lè w rele Fidelity nan 800-835-5095 oswa lè w konekte sou sit entènèt Fidelity NetBenefits la. Reprezantan Fidelity yo disponib lendi jiska vandredi, soti 8:30 a.m. rive 8:30 p.m. EST

Help at Home®

Care to Live Your Life.

NOVANM 2026